

**Memorandòm Akò**  
**Ant**  
**Komite Skolè Vil Boston**  
**ak**  
**Local Union No. 1952, Painters & Allied Trades**  
**(« Sendika Lokal Nimewo 1952, Pent ak Metye Alye »)**  
**Konsèy Distri Nimewo 35**

Memorandòm sa a (« Akò a ») te fèt jou \_\_\_\_ novanm, 2022, ant Komite Skolè Vil Boston an (« Komite a ») ak Local Union No. 1952, Painters & Allied Trades, District Council No. 35 « Sendika Lokal Nimewo 1952, Pent ak Metye Alye » (« Sendika a »). Akò sa a kondisyonèl sou baz ratifikasyon apatenans nan sendika a, e li sijè a ratifikasyon sila a, apwobasyon Komite Skolè Boston an, ak apwopriasyon siplemantè ke Konsèy Lavil Vil Boston an ta fè.

Divès tèm ak pwovizyon negosyasyon kolektif pati yo ki an vigè apati 1ye septanm, 2020 jiska 31 out, 2023, ap kontinye totalman an vigè apati 1ye septanm 2023 jiska 31 out, 2026, sof jan Akò sa a ta modifye sa.

Atik suivan yo ap an vigè infwa ke Sendika a ratifye yo e Komite Skolè Boston an apwouve yo, amwenske ta gen kèk lòt pwovizyon.

1. **Atik 6 : Salè ak Montan Peman :**

● Seksyon 1 :

Ogmantasyon Salè :

1ye Ane (Ane Fiskal 2024) 2,5% apati 1ye septanm, 2023

2yèm Ane (Ane Fiskal 2025) 2% apati 1ye septanm, 2024

3yèm Ane (Ane Fiskal 2026) 2% apati 1ye septanm, 2025

2. **Atik 11 : Konje pou Maladi :**

a. **Seksyon 8 : Modifye pou :**

Pwogram Bank Konje pou Maladi a. Yon pwogram bank konje pou jou maladi ki etabli avèk sendika a. Yon Komite pou Siveye Bank Konje Maladi a, konpoze de Travayè yo ak Jesyonè yo, ap etabli pou administre bank konje maladi a.

**Apatenans**

Pou etabli pwogram sa a, dwe gen omwen 200 manm ki fè pati bank sendika a.

Yo dwe manm sendika a pou yo patisipe. Manm yo dwe arive fin fè twa (3) ane, oswa plis, sèvis kontinyèl pou yo elijib pou yo patisipe. Manm bank konje maladi yo dwe fè donasyon 2 jou konje pou premye ane a, epi apres, yon (1) jou konje chak ane pandan peryòd enskripsyon an. Donasyon jou yo ap soti nan balans konje maladi anlwaye a.

**Elijibilite**

Se sèl anlwaye ki te fè donasyon nan bank konje maladi a k ap kapab elijib pou fè

demann (tiraj) tan nan bank konje maladi a. Anplwaye yo dwe itilize tout konje maladi yo te akimile yo ak lòt tan peye. Bank lan se pou maladi anplwaye sèlman, e moun pa kapab itilize l pou maladi manm fanmi yo. Anplwaye yo dwe soumèt tout demann pou bank konje maladi a akonpaye avèk yon sètifikasyon medikal. Moun ki gen yon plan enfimite/andikap e k ap resevwa peman pou andikap oswa k ap resevwa peman konpansasyon travayè ap elijib pou nou akòde yo kichòy nan bank konje maladi a, konbine avèk peman bank konje maladi a nan yon fason kote ke montan an p ap depase peman moun nan konn resevwa chak jou a. Moun yo ap elijib pou yo resevwa jiska trant (30) jou konje maladi yon fwa e yo ka fè demann pou yon lòt trant (30) jou, pou yon maksimòm swasant (60) jou. Tan ki akòde e ki pa itilize ap antre nan bank maladi a kòm donasyon.

Komite Siveyans sou Bank Konje Maladi a

Komite Siveyans lan ap konpoze de twa reprezantan k ap sot nan sendika a ak twa reprezantan k ap sot nan anplwayè a. Komite a va pran desizyon selon majorite vwa (majorite vòt). Komite a va pran desizyon pou swa akòde oswa refize demann ki fèt pou tan bank konje maladi a. Moun p ap kapab depoze plent kont desizyon sa yo. Komite a va egzamine tout demann. Komite a ap reyini regilyèman pou konsidere divès demann nan divès lè ke tout moun kapab dakò sou yo. Komite a va anrejistre (ap kontwole) tout tan konje maladi moun bay bank lan kòm donasyon ansanm ak tan sila yo bank lan distribye.

**Pou Sendika Lokal Nimewo 1952 (Local Union No. 1952),  
Pent ak Metye Alye (Painters & Allied Trades)  
Konsèy Distri Nimewo 35 (District Council No. 35)**

---

David Jelley,  
Prezidan

---

Michael Lafferty  
Reprezantan Antrepriz Lokal Nimewo 1952

**Pou Komite Skolè Vil Boston an, selon ekip negosyasyon li an ki otorize kòm sadwa (konvenabman) :**

---

Philip Preskenis,  
Asistan Direktè Jesyon Enstalasyon

---

Jeff Smith,  
Avoka Afè Travay

---

Mary Skipper,

## Sipèentandan